

## УОДИГЪÆДÆЙ ТУХГИН АДÆМБÆЛ НЕКÆЦИ ЗНАГ ФÆУУÆЛАХЕЗ УОДЗÆНÆЙ!..

***Иосиф СТАЛИН:** «Мах нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади номбæл устур нивæндтæ ке 'рхастан, нæ адæм тугъди рæстæги æнæнимæдзæ берæ гъæугæдзийнæдтæ æма риститæ ке баййафтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау фæскъилдуни æма фронти æнæрæнцайгæй ке фæллойнæ кодтонцæ, етæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ, махæн бантæстæй знагбæл фæуузæлахез ун...»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№17 (1033) 2026 анзи 8 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман

## НÆ ФИДИБÆСТИ НАМУСИ БÆРÆГБОН – ÆНОСТÆМÆ ТАБУГОНД!..

# НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗ – НÆ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ



Коллаж арæзт æй социалон хизæгтæй ист къартæй.

## АХСГИАГ ЗÆГЪУЙНÆГТÆ



## ФИДТÆЛТИ НАМУСÆЙ СÆРУСТУР УОГÆЙ, УОДФЕДАР КУД УÆН!..

Дуйней тæккæ æверхъаудæр тугъд кæд еу æма цуппаринсæй анзей размæ советон адæми хъазауатон хъиамæтти фæрци банцадæй, уæддæр ма уой бæрцæбæл берæ æнзти имисæн æ цаутæ æма хабæрттæ… Имисæн сæ нæ Цитгин Уæлахезæй сæрустур уогæй, зæрдристæй имисæн, уой сæрбæлтау тугъди будурти æ цард ка иснивонд кодта, нæ еци æдзард тугъдонти, имисæн не 'хсаргин уæлахездзаутæй абони не 'хсæн ка нæбал æй, уони рохс нæмттæ дæр, кадгин рæвдудæй боц кæнæн, цардæгас ма си ка 'й, уони. Имисæн сæ уæлдай хъæбæрдæр ба уомæ гæсгæ, цæмæй еугур еци хабæрттæ табуйаг уонцæ нæ нури æма нæ исонибони нæуæг фæлтæртæн, нæ фидтæлти намусгин фæллæнттæ син дæнцæ куд уонцæ, куд сæ разæнгард кæнонцæ нæ Фидибæстæбæл æновуд унмæ æма æ сæрбæлтау рæстуодæй хъазауат кæнунмæ. Абони е уæлдай ахсгиаг æй, уомæн æма не 'знæгтæн тухæй нин сæ бон неци æй, æма архайунцæ нæ фидтæлти намус æма кади алæмæтдзийнадæ иснецæййаг кæнунбæл, ирæзгæ фæлтæрти цæсти 'й фегадæ кæнунбæл æма син сæ сæризунд бустæги исусхъуммитæ кæнунбæл.

Адæмти сабур цардарæзтæн ба еума тасдзийнадæ е æй, æма нæуæг тугъд æндзаргутæй «феронх» æй, нацистон Германий æма милитаристон Японий кæддæри разамунд сæ тогмондаг бæлдитæй дуйней адæмтæн ци æверхъаудзийнæдтæ исаразтонцæ, е, æма сæ абони цитгин кæнунцæ, уой хæццæ ба ма, уони фæнзгæй, адæмтæн нæуæг дзахана исаразуни фæндитæ сæмæ рæстæгæйрæстæгмæ фæззиннуй. Уой туххæй нуриуæнгæ дæр финстан, абони ба (6-7-аг фæрстæбæл) мухур кæнæн еума æрмæг.

Уомæ гæсгæ ба гъæуама имисæн æма имисæн нæ Цитгин Уæлахез, бæрзондæй-бæрзонддæр кадæ кæнæн нæ адæми намус æма æхсарæн – уадзæ æма 'й не 'знæгтæ дæр уинонцæ нæ нифсхастдзийнадæ æма уодфедардзийнадæ, æма 'й лæдæронцæ, сæ фудвæндитæй ку нæ банцайуонцæ, уæд сæ кæрон азуймаг ке кæндзæнæй, уой…

***БИЧИЛТИ Алетæ***

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***МАМСУРАТИ Хаджи-Умар, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-болкъон: «Нæ хъайтарти сорæттæ, сæ лæгдзийнадæ – хъæбæр хуарз æрмæг æнцæ ирæзгæ фæсевæди, нæ адæми тугъдон, советон адæми революцион æма Æфсади фæткитæбæл гъомбæл кæнунæн. Уони гъуддæгутæ ’нцæ æвдесæн нæ адæми федардзийнадæ æма лæгдзийнадæн».***

ЗÆРДИАГ АРФÆ ÆХЦÆУÆН ÆЙ, ЗÆРДÆБÆЛ ÆМБÆЛУЙ!..

# НÆ НАМУСГИН ФИДТÆЛТИ ÆМА НÆ ÆМДОГОН БÆГЪАТÆРТИ ЛÆГДЗИЙНАДÆЙ ТУХГИН АДТÆЙ ÆМА ÆЙ НÆ ФИДИБÆСТÆ!..



Нæ Цитгин Уæлахези Бони фæдбæл Цæгат Иристони дзиллæн арфæ кæнуй нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æ арфи нистауæни уотæ зæгъуй:

– Нæ хъазар ветерантæ æма фæскъилдуни фæллойнæгæнгутæ!

Зæрдиагæй уин арфæ кæнун нæ Фидибæсти тæккæ табуйагдæр бæрæгбон – Уæлахези Бони фæдбæл!

Еуæндæс æма цуппаринсæй анзей размæ, 1945 анзи 9 Майи æрцудæй ахсгиаг цау – нæ берæнацион советон адæмæн æ хъазауатон тохи фæрци бантæстæй ниддæрæн кæнун æгъатир æма мæнгард знаги, æнæгъæнæ дуйней адæмтæн дæр адзал ка хаста, еци гермайнаг фашизм. Советон Цæдес бабун кæнуни фæндæй нацистон Германи æ нихмæ ци тогкалæн тугъд ракъахта, уоми æхуæдæг бастъалдæй. Еци дуйнебæл тæккæ æверхъаудæр тугъди нæ Фидибæсти Уæлахези уæлтæмæндзийнадæ уомæй æй, æма е иссæй рохс æма хуарздзийнади уæлахез фидбилизбæл.

Дæсгай æнзтæ евгъуйунцæ, еу фæлтæр æйййевуй инней, фал Устур Фидибæстон тугъди карз æнзти усхъæй-усхъæмæ ка æрлæудтæй цифуддæр æзнаги нихмæ тохи, æ цардбæл ка нæ аурста, æгæрон уæззау фæлварæнтæ æма фудæбæнтти сæрти рахезгæй, Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæ ка багъæуай кодта, уони имисуйнадæ идарддæр дæр нæ дзиллæн æй цардгъонæйцардгъондæр æгъдау. Мах сæрустур ан нæ фидтæлтæй, нæ дадатæ æма нанатæй, кæцитæ нин равдистонцæ бæгъатæрдзийнади, уодуæлдайдзийнади, æнæфæккеугæ бухсундзийнади, Фидибæстæ уарзундзийнади дæнцитæ. Уæхæн Бæгъатæртæ ес алли бийнонти дæр.

Цæгат Иристони 9 Майи бæрæгбон кæддæриддæр бæрæг кæнунцæ уæлдай зæрдæхцæуæн æма цийнаг æнкъарæнти хæццæ. Устур Фидибæстон тугъди фронтти хъазауатонæй тох кодтонцæ нæ республики цæрæг финддæс æма цуппаринсæй адæймагемæй фулдæр. Уонæй алли дуккаг дæр тугъди будурæй нæбал исæздахтæй, Райгурæн бæсти сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæ цард. Не ’мзæнхон тугъдонтæй нæудæс æма æртинсæйемæн аккаггонд æрцудæй Советон Цæдис Бæгъатæри кадгин ном, дууадæс иссæнцæ Намуси ордени æнхæст кавалертæ, еу æма дууинсæй ба тугъдон инæлартæ æма адмиралтæ.

Лæгæвзарæн 1942 анзи Кавказбæл тугъдтити рæстæг Цæгат Иристони сæйраг сахармæ хæстæг карз нихкъуæрд лæвæрд æрцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæн, ардигæй сæ фæлледзæги кодтонцæ. Еци уæлахезондзийнади æвдесæн æй е дæр, æма 2007 азæй фæстæмæ Дзæуæгигъæу кади хæццæ хæссуй «Тугъдон Намуси сахар» -и ном.

Уæлдай зæрдиагæй арфæ кæнун абони ма не ’хсæн ка ’й, еци ветерантæ æма фæскъилдуни Уæлахези сæрбæлтау æвæллайгæй ка хъиамæт кодта, уонæн. Уæ федардзийнадæ, уæ уодигъæдæ, Райгурæн бæстæбæл уæ æновуддзийнадæ нæ адæми еугур фæлтæртæн дæр æнцæ сæйраг уодварнон æвдесæн, нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг. Æцæгæйдæр уотæ ке æй, е бæлвурд æй уомæй дæр, æма абони не ’мдогонтæ, Устур Фидибæстон тугъди уæлахездзаути цæуæт æма цæуæти цæуæт, сæ къохтæмæ хуæцæнгæрзтæ райсгæй, æхсаргинæй гъæуай кæнунцæ нæ Райгурæн бæстæ не ’знæгтæй, лæгигъæдгунæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй.

Не ’знæгтæ бабæй гъавунцæ Уæрæсе æ уæрагисæртæбæл æрлæуун кæнунмæ, нæ евгъуд дзаман нин фегадæ кæнунмæ, нæ цитгин историон зæрдæбæлдаруйнаг цитгиндзийнæдти æцæгдзийнадæ ба нин усхъуммæ исхатунмæ.

Федарæй ми æруагæс кæнуй, нæ фидтæлти тогæй æхснад турусай кадæбæл нæ еузæрдиуондзийнадæ æма æмзунддзийнадæ ке фæййагъаз уодзæнæнцæ æма нин нæ абони еугур зиндзийнæдти сæрти дæр уæлахезонæй бахезун ке бантæсдзæнæй.

Цитгин Уæлахези бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, мæ хъазар æмзæнхонтæ! Мæ зæрдæ уин зæгъуй, цæмæй уæ сæрмæ арв алкæддæр уа цъæх-цъæхидæй райдзаст, æнæнез æма уодигъæдæй федар куд уайтæ, уæ цардамонд фарнæй æнхæст куд уа, абони æма исонибони дæр, Цæгат Иристони æма æнæгъæнæй Уæрæсей дæр цардарæзт цийнæйдзагдæр куд кæна!

* * *

Нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбони фæдбæл Цæгат Иристони дзиллæн зæрдиагæй арфæ кæнуй нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр:

– 1945 анзи 9 Май нин нимад æй табуйаг бонбæл, уомæн æма е иссæй нæ берæнацион адæмихæттити бæгъатæрдзийнади анзфинсти ирддæрæйирддæр æвдесæн æма нæ Фидибæсти гъæуайгæнæг еугур фæлтæрти ’хсæн уодварнон еудзийнади нисанеуæг.

Рæстæгутæ евгъуйунцæ, æма ни кæд идардгомау кæнунцæ историй тæккæ æгъатирдæр æма тогкалæндæр тугъди цаутæ, уæддæр махæй ба изолдæргонд нæ уодзæнæнцæ, кæддæриддæр сæ гъуди кæндзинан æма зæрдæбæл дардзинан, цæйбæрцæбæл уæззау аргъæй фист æрцудæй, цæмæй дуйней еугур адæмти, нæ Фидибæсти историй уоййасæбæл устур ка иссæй, еци бон ралæудтайдæ, уобæл. Мах æгæрон устур цити хæццæ имисæн æма устур кадæ кæнæн агъазиау тогкалæн тугъдтити архайгутæн, фæскъилдуни ка фæллойнæ кодта æма хæстæгдæр ка кодта Уæлахези бон, еци хъиамæтгун адæмæн. Сæ еци лæгдзийнадæ иронх некæд уодзæнæй.

Устур Фидибæстон тугъди фронтти хъазауатонæй тох кодтонцæ нæ республики цæргутæй финддæс æма цуппаринсæй адæймагемæй фулдæр. Уонæй алли дуккаг дæр нæбал исæмбалдæй æ фидиуæзæгбæл, нæ Райгурæн бæсти сæребари сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæ цард. Не ’мзæнхонтæ, рæнгъонæй инæлари уæнгæ, бавдистонцæ устур лæгдзийнадæ æма Фидибæстæбæл æновуддзийнадæ, æностæмæ устур кадæ искæнгæй сæ минкъий фидибæстæ Иристонæн.

Сæрмагондæй арфæ кæнун нæ кадгин ветерантæн. Уæ алке радзурд, уæ алке медбилтихудт – е æй уодæгас истори, кæций мах гъæуама цæстигагуй хузæн гъæуай кæнæн. Нæ сæртæй уин ниллæг ковæн æма уин æгæрон арфитæ кæнæн, нæ сæрмæ абони ци райдзаст цъæх арв ес, уой нин ке багъæуай кодтайтæ, уой туххæй, нæ кæстæрти æдзæстхезæй гъомбæл кæнун нæ бон ке æй, нæ республики хуæздæр æма гъæздугдæр исонибонбæл архайуни равгитæ æма фадуæттæ нин ке ес, уой туххæй.

Цард уотæ æрзилдæй, æма нæ уæлахездзау, æнæгъæнæ дуйне фашизмæй ка фæййервæзун кодта, еци фæлтæри бундарти дæр абони багъудæй нæ Фидибæстæ, нæ фидтæлтæ сæ тог кæбæл никкалдтонцæ, еци æнтæстдзийнæдтæ багъæуай кæнун нæ нихмæ архайæг æзнæгтæй. Не ’мзæнхонтæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, лæгигъæдгунæй тох кæнунцæ нæ бæсти еудзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади сæрбæлтау, тох кæнунцæ æцæгдзийнадæ æма рæстдзийнадæбæл.

Евгъуди æма нури бæгъатæртæ ’нцæ æцæг лæгдзийнадæ æма Фидибæстæбæл æгæрон еузæрдиуондзийнади æцæг дæнцæ, бæрзонд фæткæвæрди бæрæггæнæн нæуæг фæлтæртæн.

Мæ хъазар æмзæнхонтæ, нæ цитгин бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд! Аци райдзаст бони уин зæрдиагæй мæ зæрдæ зæгъуй амонд, сабур цард æма фарнæй æнхæстæй хайгин куд уайтæ, зæрдрохсæй æма нифсгунæй куд аразайтæ уæ ирисхъи хабæрттæ!

РАВДИСТ



## УÆЛАХЕЗМÆ НАД

Цæгат Иристони Адæмон исфæлдистади республикон хæдзари кадгин уавæри байгон æй равдист «Уæлахезмæ над». Экспозици бацæттæ кодтонца Устур Фидибæстон тугъди Цитгин Уæлахези 81-анзон бони кадæн. Е æй фæлтæрти патриотон тадицити бастдзийнади ирд дæнцæн.

Цæгат Иристони културæ министри фиццаг хуæдæййевæг **Рæмонти Маринæ**, равдисти архайгутæ æма иуазгутæн арфæ ракæнгæй, фæббæрæг кодта кустити бæрзонд аййевадон æмвæзадæ, историон цаутæ зæрдæбæл даруни ахсгиагдзийнадæ.

Равдисти архайгутæн ма арфæ ракодта республики ветеранти Совети сæрдар Фриати Хъазбег æма загъта, Фидибæстæ гъæуайгæнгути алли фæлтæрти ’хсæн æнгом бастдзийнæдтæ ке ес, уой.

Равдист байеу кодта аййевад армдæснидзийнадæ æма хузæкæнуйнади хузтæ. Экспозиций хузæкæнуйнади хайадæмæ ци хузтæ хаунцæ, етæ æвдесунцæ, куд евгъуд цаути бæгъатæрдзийнадæ, уотæ сабур царди фæллойнадон цард дæр. Уони ’хсæн æнцæ Людмилæ Филатовай хузæгонд портреттæ æма Уалити Милени тугъдонти æрæздæхунмæ æнгъæлмæ кæсуни зæрдæагайгæ мотивтæ, историон сценитæ: Уæлахези Туруса (Надеждæ Гер) æма Уæлахези парад (Къорнати Владимир). Уалдзæги æнкъарæнтæ æма Уæлахези символизм æ натюрморт «Уæлахези деденгутæ»-йи равдиста Ларисæ Зеленская. Сæрмагонд дзубандий аккаг æнцæ Гассити Бариси хузтæ. Етæ æргом æма карзæй æвдесунцæ тугъд æма бæгъатæр æфсæддонти аллибони цард.

Экспозиций зингæ бунат байахæстонцæ тугъди рæстæги дзаумæуттæ. Уони фæрци равдистмæ æрбацæуæг адæм хуæздæр банкъардтонцæ еци æнзти уæзæ.

Равдисти зæрдæ агайунцæ нури рæстæги цаути хæццæ баст хузтæ. Сæрмагонд æфсæддон операций темæбæл финст æнцæ Иринæ Бочаровай хузтæ. Етæ дзорунцæ Уæрæсей Бæгъатæрти æскъуæлхтдзийнæдтæбæл.

Равдист бацæттæ кодтонцæ Цæгат Иристони Адæмон исфæлдистади республикон хæдзарæ, Цæгат Иристони ветеранти Совет, сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæ æма «Историон-културон рохсади центр».

1945 - 2026

ЛÆГАУ ЛÆГ АДÆМИ РАЗМÆ Æ ИХÆСТÆ ЛÆГИГЪÆДГУНÆЙ ÆНХÆСТ КÆНУЙ!


БОЗУРТИ Виктор

# «КÆД ЕУ РАУÆН БАГЪÆУИНÆ ÆЗ ДÆР...»

Тугъди æверхъаудзийнæдтæй еу е æй, æма си ци æгæрон берæ адæм бастъæлуй, уонæй цал æма цалей ирисхъæ бустæги тæрегъæддаг рауайуй: ци бацæй, кæми ’й агурдæуа, е нæбал исбæрæг уй… цал æма цал ниййерæги, сæ фурттæмæ æнгъæлмæ кæсгæй, еци зæрдристæй банæхстæр æнцæ се ’носон дуйнемæ… Цал æма цал бийнонти абони дæр ма архайунцæ, кæдимайди ба уæддæр ести бæлвурдæй базониуонцæ сæ тугъдонти ирисхъи фæдбæл. Раст зæгъгæй, кедæрти туххæй хабæрттæ бæрæггонд дæр æрцæуунцæ нури фæдагоргути æновуд архайди фæрци. Еу уæхæн цауи кой уин ракæнуйнаг ан абони. Кæд берæ æнзти размæ æма Иристонæй идард рауæни æрцудæй, уæддæр нин æримисуйнаг æй, уомæн æма баст æй не ’мзæнхон тугъдонтæй еуей ирисхъи хæццæ.

… Молдавий Дубоссарайаг райони гъæутæй еуемæй Кошницæй минкъий идарддæр лигъз будури экскаваторæй къанау ку къахтонцæ, уæд си раргом æй аст тугъдоней æстæгдартæ. Зæнхи бунæй ма исхаудтæй гилдзитæ, тохæндзаумæутти сæститæ, тамакудонæ. Косгутæ байгон кодтонцæ тамакудонæ. Æ хурфи разиндтæй фæскомцæдесони билет **Иванов Емельяни фурт Михаили** номбæл.

Хъæбæр устур сагъæсти бафтудæнцæ уони иссерæг адæм. Зæрдхъурмæй сагъæс кодтонцæ, ка ’й зонуй, нерæнгæ дæр ма Михаилмæ æ ниййергутæ, æ хуæртæ, е ’нсувæртæ, кæд ин цæуæт адтæй, уæд етæ дæр æнгъæлмæ кæсунцæ. Кæми цæрунцæ, кумæ син фегъосун киндæуа? Кæцæй адтæнцæ æригон тугъдон æма æ авд æмбали?..

Агорун сæ байдæдтонцæ Кошници фæскомцæдесонтæ æма нæуæгдзаутæ. Уæдмæ ССР Цæдеси гъæуайкæнуйнади Министрадæй райстонцæ дзуапп:

«Фæскомцæдесон Иванов Емельяни фурт Михаил службæ кодта 203-аг дивизий 592-аг полкки. Æндæр бæлвурддзийнæдтæ нæмæ нæййес Иванови туххæй… Еци игъосункæнуйнаги ма адтæй финст. Фал 592-аг полкки комсорг адтæй **Бозурти Уаней фурт Виктор**, райгурдæй 1923 анзи Цæгат Иристони Мæхчески райони гъæу Къæмунти. Виктори идарддæри ирисхъи туххæй дæр нæмæ неци бæлвурддзийнæдтæ ес…»

Æма бæлвурддзийнæдтæ исбæрæг кæнуни ихæс нæхемæ райсгæй, байархайдтан, ка ’й зудтайдæ, уони хæццæ фембæлунбæл æма радзубанди кæнунбæл.

… Аййев æфснайд минкъий уати къæразгæй хуарз зиннуй гъæунги дзæвгарæ хай. Хæдзæрттæ, рæзæдæнттæ, дзæхæратæ. Аци къæразги рази уарзта бадун Виктор. Еунæгæй, куд неке ’й хъор кодтайдæ, уотемæй гъудити бацæугæй. Кæд имæ æ хуæрæ Маня бауайидæ, уæд æй е дæр нæ хъор кодта, зудта, Виктор æмдзæвгитæ ке финсуй, уой.

– Еухатт скъолай исаразтан конкурс хуæздæр æмдзæвгæбæл, – дзурдта нин зæронд ахургæнæг Дзабайти Лизæ. – Тæккæ хуæздæр æмдзæвгæ Виктор ниффинста.

Уой фæсте скъолай фæззиндтæй литературон къуар. Уæдта газет уадзун байдæдта еци къуар. Газетæн равардтонцæ рæсугъд ном: «Талатæ». Зæгъун æнгъезуй, æма, æвæдзи, еу номер дæр уотемæй нæ рацудæй, æма си Виктори æмдзæвгæ ма уа. Виктори мади æнсувæр Дзилихти Таймуразæн хъæбæр æхцæуæн адтæй, æ хуæрифурт литературæмæ уотæ зæрдæргъæвд ке æй, е, æма сахарæй æрцæугæй ин, алкæддæр æрласидæ киунугутæ. Сауæнгæ фиццаг къласи ахур кæнгæй, æвзурун байдæдта Виктори киунугæдонæ æма имæ исæмбурд æй 500 киунугей бæрцæ.

– Берæ кастæй Виктор, – зæгъуй æ хуæрæ Маня. – Уæлдай фулдæр уарзта Максим Горькийи радзурдтæ æма Владимир Маяковскийи æмдзæвгитæ, устур цæмæдесæй нин дзурдта, ци уадзимистæ кастæй, уони туххæй. Мæнæн дæр е бауарзун кодта киунугутæ, уони кæсунбæл мæ фæццалх кодта. Æвæдзи, ахургæнæг дæр уой фæрци исдæн.

Биццеу астæуккаг скъола каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Фал институтмæ бацæун ба æ къохи нæ бафтудæй, æ фидæ рамардæй, зæронд мадæ, кæстæр хуæрæ æма æнсувæр æ бæрни байзадæнцæ, дарун сæ гъудæй. Æма косун райдæдта колхози. Сæумæцъæхæй изæрдалингтæмæ – будури. Фæскуст ба цийфæнди фæлладæй дæр – киунугутæ, æмдзæвгитæ. Цалдæр æмдзæвги ниффинста колхозон фæллойнæгæнгути туххæй, ниммухур сæ кодта райони газет «Сурх-Дигорæ»-йи.

Уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Виктор томар кодта тохи будурмæ, фал æй нæма уагътонцæ, ами дæр, дан, гъæунцæ адæм. Гъæумæ исигъустæнцæ фиццаг сау хабæрттæ, кæмæндæрти сæ даргутæ фæммард æнцæ… Æма уæд, хуæрзæрæги дæр ма колхозонти хъазауатон фæллойнæбæл ка зардта, еци райдайгæ поэтæн æ сагъæстæ-гъудити уагæ бустæги фендæрхузон æй, æ нæуæг æмдзæвгæ «Фурт»-и финста:

*Æвзонг лæппу æрвыста бонтæ.*
*Уыд хъæлдзæг сыхбæсты йæ цард.*
*Цыбыр фыстæг уæд райста фронтæй:*
*«Дæ фыд хъæбатырæй фæмард…»*
*Нæ фæтарст лæппу уыцы уацæй.*
*Нæ æруагъта ныллæг йæ сæр –*
*Æхсæвыгон сæхицæй ацыд:*
*«Кæд иу ран бахъæуин æз дæр…»*
*Уый райста топп, йæ кард æрбаста.*
*Йæ риуы бавæрдта йæ маст…*
*– Дæ зæрдæ фидар уæд, мæ бæстæ:*
*Нæ адæм – тых, нæ хъуыддаг – раст!*
*Кæд ивы фыд йæ фырты тохы.*
*Кæд райсы ус йæ лæджы кард.*
*Уæд, зон, уыдзæн быдыры, хохы*
*Æнусмæ рухс хурау нæ цард!*

Викторæн е ’мдзæвги загъд гъуди «кæд еу рауæн багъæуинæ æз дæр…» иссæй æхе зундирахасти уагæ. Æма 1942 анзи мартъий райдайæни Виктор рараст æй тугъдмæ.

Бозуртæ Къæмунтæй Сурх-Дигорæмæ 1930 анзи ралигъдæнцæ, æма нур тугъди цæхæрмæ дæр ардигæй цудæй. Æ мадæ Катя Чиколамæ æ фæдбæл рандæй, рафæндараст æй кæнунмæ. Æ хуæрæ Маняй нæ рауагъта Виктор, зудта, гъæуи фæскомцæдесон æмбурд ке адтайдæ, уой, æма ’й фæццох кæнун нæ бауагъта.

Фæндаггаг хуæлцæй уæлдай ма лæхъуæн æ дзæкъоли ниввардта Маяковскийи уадзимисти киунугæ.

– Тухсгæ ма кæнæ, – зæрдитæ æвардта Виктор æ мадæн, – тагъд мæ ардæмæ гъæудзæнæй.

Фал æхе цæсгонбæл дæр æрхуни фæд бæрæг адтæй: лæдæрдтæй æй, дзæвгарæ рæстæг ке нæбал фæууиндзæнæй æ хеуæнтти, е мгъæуккæгти, е ’рдхуард Салæгати Хъазбеги гъесин фæндури цагъд ке имисдзæнæй.

… Рацудæй авд мæйи. 592-аг полкки комсорг, кæстæр лейтенант Бозурти Виктор архайуй Сталингради тугъди. Финстæгутæ ахид нæ финсуй сæхемæ, рæстæг нæййес. Фал уæддæр ин ефстагмæ ци финстæгутæ рарветун бантæсидæ, уони нуртæккæ кæсгæй дæр адæймаги цæститæбæл рауайуй бæгъатæр тугъдони сорæт, æ уоди нифсхастдзийнадæ.

«Некæд ми феронх уодзæнæй еци зуймон мегъæ бон, – финста Виктор æ финстæгутæй еуеми. – Сæумæраги знæгти сæртæбæл никкалдтан дзармадзани мингай нæмгутæ æма минитæ. Уой фæсте размæ рампурстонцæ нæ танкитæ, нæ фестæг æфсæдтæ. Знаг æ зæрдæ дардта æ берæ федæрттæбæл, будуртæ ци минитæй байдзаг кодта, уонæбæл, фал æй фæлледзæги кодтан…»

Ка ’й зонуй, еци бон, ка ’й зонуй, æндæр хатт ци бæгъатæрдзийнадæ равдиста, уой туххæй, фал Викторæн ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми 1942 анзи 22 декабри Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй майдан «Сталинград багъæуай кæнуни туххæй».

Сталингради зæнхæбæл райдæдта нæ Сурх Æфсади размæцуд уæлахезмæ. Е ’мбæлтти хæццæ еумæ, знаги дæрæн кæнгæй, цудæй еци нæдтæбæл нæудæсанздзуд саулагъз лæхъуæн Бозурти Виктор. Нимпурстмæ æнгъæлмæ кæсгæй ин, минкъий уæгъдæ рæстæг ку уидæ, уæд æригон афицери къариндæсти бунæй æвзурдæнцæ тугъдонти зæрдитæ ка нифсхастдæр кодта, уæхæн тохмæ разæнгардгæнæн, уæхæн тохмæседгæ рæнгъитæ. Е ’мдзæвгитæ ин мухур кодта æфсæддон газет.

Æхсаргин лæхъуæни æ тугъдон нæдтæ рахастонцæ Украинæмæ, уордигæй Молдавимæ. Ами 1941 анзи цудæй уæлдай карз тугъдтитæ. Мæнæ куд финсуй Виктор ци дивизий службæ кодта, уой политхайади хецауи агъазгæнæг П.М.Шуров:

«1944 анзи сæрди нæ дивизи архайдта Молдави знагæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити. Дубоссарай районмæ æрбацудан, не ’фсæдтæ Днестри галеу билæ ку исуæгъдæ кодтонцæ, уæд. Аци рауæн цæугæдон цæхгæрмæ фæззелуй, идæрдтæбæл рандæуй æма дæлæмæ фæстæмæ æ фæдмæ ’рбаздæхуй. Е ’хсæн ци æрдæгсакъадахгонд ес, уоми немуцæн адтæй устур федæрттæ æма уони басæттун махæн бабарæ кодтонцæ.

Æхсæвæ знаги федæрттæбæл сæ нæмгутæ никкалдтонцæ нæ дзармадзантæ. Уой фæсте рампурстонцæ нæ танкитæ, фестæг æфсæдтæ. Сæуми 5-6 сахаттемæ немуцаг-фашистон æфсæддон хæйттæй искæдзос кодтан æрдæгсакъадахгонд. Фал дуккаг бон, нæ тухтæ æрбамбурд кæнгæй бабæй æрбампурстонцæ. Зин адтæй нæ уавæр. Фал лæугæ федар кодтан. Дивизий адтæй цалдæр мин фæскомцæдесони. Мæ бон федарæй зæгъун æй, еу дæр си æхе лæгъузæй нæ равдиста…»

Молдавийæй ледзæги фæцæнцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ. Не ’фсæдтæ сæ сурдтонцæ хорнигулæнæрдæмæ. Полкки комсорг Бозурти Виктор æхуæдæг разæй фиццаг рæнгъити уогæй, разæнгард кодта æригон æфсæддонти. Тогкалæн тохæй еуеми фæццæф æй, дзармадзани нæмуги исрæмугъдæй фегуппæг æй, æ гъостæ фæкъкъуру ’нцæ. Фал бабæй цубур рæстæги фæсте е ’мбæлтти æмрæнгъæ æрлæудтæй. «Салам, Юрик! Финсун дæмæ надæй. Æнæнез дæн, мæ гъостæн дæр нецибал æй. Знаги дæрæн кæнæн. Бахатир кæнæ, рæстæг мин берæ нæййес!..» – финста Виктор е ’нсувæрмæ. Мæйæ æма æрдæги фæсте бабæй исæрвиста æндæр финстæг: «Мæ хъазар мадæ, мæ хуæрæ, ме ’нсувæртæ! Финсун уæмæ фашистти хуккойнæй. Æрлæудтан Германий зæнхæбæл. Уогæ газетти дæр кæсдзинайтæ хабæрттæ. Тагъд знагбæл æ хор ранигулдзæнæй æма уæд мах ба хорискæсæнæрдæмæ нæхемæ ранæхстæр уодзинан…»

… Уæлахези туруса исфелудта Рейхстаги сæрмæ. Нæ тугъдонтæ, сæ агъазиауæй-агъазиаудæр ихæс исæнхæст кæнгæй, æздахтæнцæ сæхемæ. Уони хæццæ адтæй Бозурти Виктор дæр. Æ реубæл æрттивдтитæ калдтонцæ æ бæгъатæрдзийнади нисанеуæгтæ – паддзахадон фондз хуæрзеуæги.

…Тугъди фæсте Виктор ахур кæнунмæ бацудæй æфсæддон академимæ æма ’й каст ку фæцæй, уæд уой фæсте майор Бозури-фурт цалдæр анзей дæргъи адтæй æфсæддон газети редактор. Æ финстæгутæй еуеми æ мадæмæ финста: «Берæ мæ нæбал гъæуй. Цалдæр мæйей фæсте фæццæун нæхемæ. Аци хатт рæстæгмæ нæ, фал еугур цуд. Æма уæд некæдбал рандæ уодзæнæн дæуæй, мæ хъазар мадæ…»

Уæхæн зæрдитæ бæргæ æвардта æ уарзон мадæн, æнæмæнгæ исæнхæсткæнуйнаг дæр сæ бæргæ адтæй, фал ин, гъулæггагæн, нæ бантæстæй. Удæгасæй æй нæбал фæууидта æ мадæ… Æгъатир нези фудракæнди фудæй… Æма æ уарзон Иристонмæ æ бæсти иссудæнцæ æ бийнойнаг Дуся æма æ фурт Виталик.

***ЯРОШЕВСКИЙ Георгий,***
***МАМСУРАТИ Мурат,***
***1968 анз.***

1945 - 2026

***Иван ТЮЛЕНЕВ, æфсади инæлар, Фæскавказаг фронти командæгæнæг: «Устур Фидибæстон тугъди анзфинсти 1942-1943 æнзтæ нимад æнцæ тæккæ уæззаудæртæбæл. Гитлеронтæ сæ бицъинаг æскъудтонцæ, цæмæй Сталинград байахæстайуонцæ, Грозна æма Бакуй нефтмæ байервазтайуонцæ æма Райгурæн бæстæ бардзурд равардта: знаги***




# КИРИСТОНГЪÆУККАГ КИЗГÆ – НОМДЗУД КОНСТРУКТОР

Рæстæгутæ куд хуæрзауодæг æнцæ, уотæ берæ цæмæйдæрти ба бустæги хецмæрез дæр разиннунцæ. Берæ цидæртæ сæ талингити æрбасатар унцæ, æма дзиллæн зæрдæбæлдаруйнаг ци цаутæ æма адæймæгутæ гъæуама уонцæ, етæ иронхуати райзайунцæ. Уотемæй ба сæ адæм гъæуама фæлтæрæй-фæлтæрмæ зононцæ – уой дæр уотид зонунæн нæ, фал цæмæй нæ адæмæн царди размæцуди уонцæ бафæнзуйнаг дæнцæ, нифсдæттæг, разæнгардгæнæг... Гъеуомæ гæсгæ на абони æримисун фæндуй Тæкъоти Гаппой кизгæ Доди.

## ЗИН УАВÆРТÆН НИФФÆРАЗГÆЙ НИФСХАСТ АДТÆНЦÆ

Аци силгоймаги ирисхъæ уæлдай цæмæдес æй, уомæн æма ин ци цубур цард лæвæрд æрцудæй нæ Исфæлдесæгæй, уой иснивонд кодта, нæлгоймаги æма айдагъдæр нæлгоймаги куст æй, зæгъæ, кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн берæ вазуггин æма ахсгиаг гъуддагæн – аразгæ тохæнгæрзти нæуæг, рæстæги домæнтæн æнхæстдæрæй дзуапдæттунгъондæр хузтæ. Æма ин æнтæсгæ дæр берæ кодта. Æ фæсте нин ци имисуйнæгтæ ниуугъта, уонæми е 'рдзон хуæдæфсæрмæдзийнадæмæ гæсгæ уой тухххæй æргом æма бæлвурдæй кæд нæ финсуй, уæддæр си, куд фæззæгъунцæ «рæнгъити æхсæн-мæхсæнти кæсгæй» балæдæрæн ес, цæйбæрцæбæл искурдиадæгин адтæй æма цæйбæрцæбæл агъазиау адтæнцæ е 'скъуæлхтдзийнадтæ, æ фæллæнттæ нæ Фидибæсти тугъдон гъомусади сæрбæлтау. Уони кæсгæй, нæ бон æй уотæ зæгъун дæр, æма æ куст бустæги сосæггонд ку нæ адтайдæ, уæд æ кой айдагъ нæхе бæстæбæл нæ, фал, ка 'й зонуй, æнæгъæнæ дуйнетæбæл райгъустайдæ куд реактивон тохæнгæрзти алæмæти искурдиадæгин конструктор. Уотæ зæгъун дæр ма æнгъезуй, æма Тæкъоти Доден æ цардвæндаг ин ирисхъæ æгæр ку нæ рацубуртæ кодтайдæ – æдеугурæй ин дæс æма дууинсæй анзи исаккаг кодта рацæрунæн, уæд ин, федарæй ни æрцагæс кæнуй, хъæбæр берæ агъазиаудæр æскъуæлхтдзийнадтæ ма бантæстайдæ.

Фал ин уæддæр ци бантæстæй, уонæмæ гæсгæ дæр нæ бон æй уотæ зæгъун, æма Советон Цæдес Устур Фидибæстон тугъди ку фæуулахез æй, уоми ес, æнæмæнгæ, дигорайаг кизги байвæрæн дæр. Кæд комкоммæ нæ тох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъди будурти, уæддæр минкъийдæр ахедундзийнадæ нæ адтæй, е ци фронти тох кодта, уоми æ фæллæнттæн – еци рæстæг куста легендарон «Катюша»-йи арæзтадæбæл.

Тæкъоти Додæ райгурдæй 1915 анзи хумæтæг зæнхосæги бийнонти 'хсæн. Уой бæрцæбæл мæгур адтæнцæ сæ царди уавæртæ, æма сæ фидæ ку рамардæй, уæд ревæд фæрстæй уæлдай, хæдзари медæгæ неци адтæй. Седзæрæй райзадæнцæ фондз сувæллони. Хестæрбæл цудæй цуппæрдæс анзи, Додæбæл ба æдеугурæй фондз анзи. Æма цæмæй е 'нагъом сабийти фæддара, уой тухххæй сæ мадæ æдæхсæвæ-æдæбонæ фæллойнæ кодта. Сувæллæнттæй косунгъон ка адтæй, етæ цудæнцæ косунмæ бонгинтæмæ, кенæ ба æндæр ескæмæ, ке багъæуиуонцæ æма син уæддæр ести ка бафистайдæ, уонæмæ. Æма уой фæрци сæ зæнхи гæппæл бахумæ кæниуонцæ. Еу анз ба, Хуцау сæ уарзта, æма сæ зæнхæй гъæздуг тиллæг иситонцæ, кæций хæдзари æфсийнæ, цидæр мортæ ма сæхецæн фæуугъта, иннеи ба рауæйæ кодта æма косæг бæх балхæдтонцæ. Уой фæрци, гъай-гъай, бийнонтæн еу минкъий фенцондæр æй. Уæдмæ хестæр биццеу дæр рабайлæгъ æй, æ фиди фæсте уой рагъбæл ранцадæнцæ хæдзари гъуддæгутæ, бийнонти ирисхъи хабæрттæ.

Кæд хъæбæр зин цæрæн адтæй бийнонтæн, уæддæр мадæ лæдæрдтæй: сувæллæнттæ гъæуама исахур кæнонцæ. 1923 анзи Додæ ахур кæнунмæ бацудæй Киристонгъæуи 2-аг скъоламæ. Ахурмæ тулаваст адтæй, хуарз ин æнтæстæй. Мадта æхсæнадон гъуддæгути – раон-циуон. Уæлдайдæр ба – анзи фæсте æй нæуæгдзаути рæнгъитæмæ ку райстонцæ, уæд.

Додæ æхуæдæг куд имиста, уотемæй скъолай ахур кодта хъæбæр хуарз, фал еугур предметтæ маддæлон æвзагбæл ке цудæнцæ, уомæй ба боз нæ адтæй. Æ сувæллонæй фæстæмæ 'й фæндадтæй уруссаг æвзаг базонун. Уотæ дæр уидæ, æма уруссагау сæ медæстæу ци адæм дзориуонцæ, уонæмæ хицæ дæр кæнидæ. Æма æ фиццаг бæлдæ адтæй, уруссаг æвзаги урокътæмæ цæун. Додæ 1927 анзи каст фæцæй фондз кълаци æма идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй фарастанзон скъоламæ. Еци скъолай ба 'й кадгин уавæри нæуæгдзауæй райййвтонцæ фæскомцæдеси рæнгъитæмæ. Бæргæ рæстмæ цудæнцæ æ гъуддагутæ, фал, гъулæггагæн, 1929 анзи ба е 'нæнæнездзийнадæмæ гæсгæ ин скъола уадзгæ æрцудæй. Æртæ анзей дæргъи фæййагъаз кодта æ бийнонтæн, уæдмæ исцæнцæ коллективон хæдзарадæ «Социализм»-и иуонгтæ. Разæнгардæй архайдта æхсæнадон кустити дæр.

## РАУОН-ЦИУОНÆЙ АРАЗТА Æ ИРИСХЪИ ХАБÆРТТÆ

Рауон-циуон кизгæ кæд алли гъуддаги дæр раззæгти хæццæ адтæй, уæддæр еудадзуг ба бæлдтæй идарддæр ахур кæнунмæ, зæрдæмæдзæугæ дæсныйадæ райсунмæ. Мадæ сæ бийнонти уавæртæмæ гæсгæ æ кизги еци фæнди хæццæ арази нæ адтæй. Фал уæддæр, гæнæн ку фæцæй, уæд Додæ сæ коллективон хæдзаради правлений агъазæй рандæй Мæскумæ, уоми бацудæй ахур кæнунмæ, дони хæдзарадон инженерон институти медæгæ ци косгути факультет (рабфак) адтæй, уордæмæ.

Фиццаг рæстæг ин æнцон нæ адтæй: уруссагау лæгъуз ке дзурдта æма финста, уой тухххæй ибæл е 'мкъурсонтæй кадæртæ ке худтæнцæ, уомæй хъæбæр тухстæй. Фал уæддæр уоййасæбæл нифсхаст разиндтæй, æма фиццаг къурси кæронмæ ба 'й уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæг дæнцæнæн хаста иннæ ахургæнуйнæгтæн, æстудта 'й Додæ ахурбæл æновуд ке 'й, æхебæл æвæллайгæй ке архайуй, уой тухххæй.

Дуккаг къурси Додæ раонционæй архайдта æхсæнадон гъуддæгути дæр, æма ин æ хуарз кусти тухххæй дууæ хатти премитæ дæр лæвæрд æрцудæй. 1933 хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй рабфак.

Доди имисуйнæгтæмæ гæсгæ: *«Хъæбæр мæ фæндадтæй архитектурон институтмæ бацæун. Архитектор исун, кæд еугур дæсни нæ, уæддæр лæмæгъдæр, фал е бæлдæй байзадæй. Хузæ кæнуни искурдиадæй цох адтæн. Дууæ анзей дæргъи мæхе бæргæ ахур кодтон хузæ кæнунбæл, фал си неци рауадæй. Федарæй ми баруагæс æй хузæкæнунади ми ке неци рауайдзæнæй, е, æма уæд архитектурон институтмæ бацæуни фæндæ ниууагътон. Фал уæддæр, уомæ хæстæг дæсниййадæ ба равзурстон…»*

Тæкъоти Додæ бацудæй Мæскуй Сталини номбæл инженерон транспорти институти проектон æма граждайнаг аразунади факультетмæ. Ахур лæгъуз нæ кодта, æхе загъдмæ гæсгæ, федар лæудтæй астæуккæгти хæццæ. Ахури рæстæг разæнгардæй архайдта æхсæнадон кусти гъуддæгути дæр. Еци-еу рæстæг ма архайдта парашютон спортæй дæр. Студентти фæндæмæ гæсгæ фæскомцæдесон комитет институти исаразта аэроклуб. Додæ æй æнтæстгинæй каст фæцæй æма 1936 анзи феврали мæйи, фæскомцæдеси X съезди кадæн фиццаг хатт рагæпп кодта парашюти хæццæ.

Анзи фæсте ба ин еци гъуддаг уадзгæ рауадæй: багъудæй æй диплом райсуни размæ æхсæзмæйон практики æнæмæнгæ рандæун. Практики ба æрвист æрцудæй сахар Хабаровски æфсæнвæндагон арæзтадæмæ, уордигæй ба 'й рарвистонцæ Волочаевкс-Комсомольски арæзтади хайади инженерæй.

Уой тухххæй Додæ æ имисуйнæгти уотæ финста: *«Бакустон си аст мæйи. Еци рæстæг мæ разамундæй арæзт æрцудæй Волочаевки районы электрон тухæдæттæг 2-аг станцæ, вагæнттæ æма локомотивтæн лæууæн азгъунст, уæзæгтæ уадзæн цалдæр пункти æма дæлзæнхæй цъирæн дууæ станци. Мæ хуарз кусти тухххæй мин æфсæнвæндаги хецауадæ исаккаг кодта æхцай преми…»*

Ахурадон практики фæсте Тæкъоти Додæ бацæттæ кодта æ дипломон куст æма 'й æнтæстгинæй багъæуай кодта. Институти фæсте æй косунмæ рарвистонцæ фæндаггон бастдзийнади Адæмон комиссариатмæ. Райдайæни æ кустæй боз нæ адтæй. Айдагъдæр ин гæгъæдити хæццæ архайгæ ке адтæй, уомæ гæсгæ имæ куст уоййасæбæл хиццаг нæ кастæй. Æма уæд æндæр хайадæмæ бацудæй.

Уогæ ин уоми дæр берæ рæстæг косгæ нæ рауадæй, хайадæ æхгæд æрцудæй, æ косгути ба ин æндæр гъуддæгутæбæл бафтудтонцæ. Куд рабарæг æй, уотемæй еци рæстæг гъæуайкæнуйнади промышленности Адæмон комиссариат æ архайд æййивта æндæр уагæмæ, æма, ци нæуæг структурæ аразтонцæ, уордæмæ æмбурд кодтонцæ æригон специалисттæ. Æма Тæкъоти Додæ æрвист æрцудæй конструкторон уагæдонæмæ, кæцими ин кæдæй-уæдæй бабарæ кодтонцæ зæрдæмæдзæугæ куст – тохæнæрмæг арæзун.

## НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ ÆРГЪУДИ КÆНУНÆЙ ИН БЕРÆ ÆНТÆСТÆЙ

Мæнæ æхуæдæг æ имисуйнæгти куд финста: *«Косгæ мин рауадæй хестæр инженер æмбал Жировайи къуари хæццæ. Еци рæстæг куст цудæй раздæрæй тухгиндæр авиацион бомбæ исаразунбæл. Фиццаг рæстæг хъæбæр тухстæн, гъома, ку неци балæдæрон, æма мин ку неци бантæса, зæгъгæ. Фал дзæгъæли – цубур рæстæгмæ кусти сосæггдзийнæдти хæццæ базонгæ дæн... Уæлдай дæснидæр адтæн бахигъдтæ æма авиацион бомбити фæлварæнтæмæ бацæттæ кæнунмæ.*

*Мæ нæуæг дæснийади мæ зæрдæмæ хъæбæрдæр цудæй е, æма конструктор æхе цæститæй уидта æ куст фæлварæнти рæстæг, рæдудтитæ куд æма ци мадзалæй ес исрастгæнæн. Уой фæрци конструктор фæлтæрдгиндæр кодта æ кусти медæгæ, нæуæгдзийнæдтæ æргъуди кæнунмæ ин берæ гæнæнтæ адтæй…»*

Тæкъоти Додæ 1940 анзи хуæдбарæй косун райдæдта дууæ тохæнгарзей хузæгтæ исаразунбæл. Еу си адтæй фугасон бомбæ æнæ механикон базилдæй æма дуккаг ба – æрхъезти фæйнердæмæ ратæхуни тагъддзийнадæбæл. Сæ дууебæл дæр еци анзи кæронмæ куст æнхæстгонд æрцудæй. 1941 анзи бабæй дууæ æндæр хузи проекти исæнхæст кодта, цубур дзурдæй, еума фугасон бомби хузæ исаразун.

Никки ма фæхъхъаурæгиндæр кодта артиллерион снарядти гъомусадæ. Еци анз ист æрцудæй Коммунистон партий рæнгъитæмæ дæр.

Додæ 1943 анзи июли иссæй хестæр инженер-конструктор. Косун райдæдта, реактивон тохæнгæрзтæ исаразунбæл, кæцитæй еци рæстæг пайдагонд цудæй, куд авиацион бомбитæ.

Мæнæ уой тухххæй куд имиста Додæ æхуæдæг: *«Нæ барæ нин бакодтонцæ, æртæ æвзгъæрсæттæн хæтæли уæрхæ, кæци-*

***бауорамун, æ тухтæ ин ислæмæгъ кæнун æма ’й уордигæй фæстæмæ ранхуæрсун. Æма еци бардзурд æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй! Знаг кæд цийфæнди хъаурæгин адтæй, уæддæр уомæй тухгиндæр разиндтæнцæ нæ советон адæмти Фидибæстæбæл еузæрдиуондзийнадæ. Æма знагбæл фæууæлахез æнцæ.***

*тæ батононцæ 100 мм бæздæн гъæуайгæнæн къæйтæ. Æма нæ размæ æвæрд ихæс æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй. 100 мм нæ, фал 164 миллиметрон къæйдор ка батудта, уæхæн хæтæли уæрхæ дæр исаразун нæ къохи бафтудæй. Фæлварæнтæмæ бацæттæ кодта 200 хæтæли, кæцитæ æнтæстгинæй рацудæнцæ æма пайда кæнунæн æвдист тохæнгæрзти нимæдзæмæ бацудæнцæ. Уой фæсте ба мæбæл исæмбалдæй æхцæуæн хабар: Уæлдæр Совети Президиуми Указмæ гæсгæ, 1944 анзи 15 апърели конструкторон уагæдони косгутæй берети хæццæ, хуарзæнхæгонд æрцудтæн майдан «Фæллойни æхсарæ»-й. Е мин æхцæуæн куд нæ адтайдæ, уæдта мæ разæнгард кодта никки æновуддæрæй косунмæ...»*

Устур Фидибæстон тугъди кæронмæ Тæкъоти Додæ исаразта никки нæуæгдæр хæтæлтæ. Уой хæццæ ба ма æхсæнадон куст дæр, куд раздæр æнзти, уотæ æнхæст кодта. Æвзурст æрцудæй дууæ конструкторон уагæдоней партион кири сæрдари хуæдæййевæгæй. Хуарзæнхæгонд ма æрцудæй «Мæску гъæуай кæнунбæл архайд» æма «Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æхсаргин фæллойни» майдантæй.

Куд дзорунцæ, уотемæй, Доди конструкторон архайдæн устур нисанеуæг ке адтæй, уомæ гæсгæ, дан, имæ æ цæстæ сæрмагондæй дардта æма ’й зудта Сæйрагкомандæгæнæг Иосиф Сталин, зæгъгæ.

## АРФИАГ СИ АН, НÆ СÆР СИ БÆРЗОНД ХÆССÆН

Тæкъоти Доди изолдæри ирисхъи туххæй хабæрттæ бæлвурддæрæй базонун хъæбæр зин иссæй – хеуæнттæй дæр, уæдта ’й комкоммæ ка зудта, æма сæ ракæна, уонæй, гъулæггагæн, цардæгас некебал æй. Айдагъдæр е зудгонд æй, æма тугъди фæсте лæгмæ æрцудæй. Æригон бийнонтæн сабий дæр нæма исæнтæстæй, уотемæй дууемæй дæр 1947 анзи Хонсар Иристони хуæнхти æверхъауæй фæммард æнцæ автомобилон фудбæлахи.

Тæкъоти Додæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй цардгъæуагæй, æ берæ исфæлдистадон нисантæ æма фæндитæ ин æнæ исæнхæстгондæй байзадæнцæ... Кæд берæ рæстæг рацудæй уæдæй ардæмæ, уæддæр гъæуама Доди рохс ном иронхуати ма байзайа… Уадзæ æма ’й æнæгъæнæ дуйнебæл дæр зононцæ, кавказаг, бæлвурддæрæй ба дигорон дзиллити ’хсæн дæр ке адтæй æма ма ке разиндзæнæй искурдиадæгин, сæ адæмæн сæ намусдзийнадæй кадæ хæссæг силгоймæгтæ. Нæ сæртæ си гъæуама бæрзонд хæссæн, сæ рохс нæмттæ син гъæуама арфиагæй имисæн, цитгин сæ кæнæн. Уонæй еу æй Тæкъоти Гаппой кизгæ Додæ дæр...

***ИКЪАТИ Вероникæ,***
***Дзæуæгигъæуи 44-аг скъолай 7-аг къласи ахурдзау.***

# ФЕСКЪУÆЛХТÆНЦÆ ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ ТУГЪДТИТИ



***Нæ республики бæстæзонæн музейи раздæри директор, УСФСР-и культури æскъуæлхт косæг ЛАЗАРТИ Хæсанæ æ рæстæги берæ цæмæдесаг æрмæгутæ бацæттæ кодта Устур Фидибæстон тугъди цаутæ æма архайгути туххæй, уæлдайдæр ба немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй Цæгат Иристон исуæгъдæ кæнуни тугъдтити бæгъатæрти туххæй. Уонæй еу мухур кæнæн абони – кæд финст 1978 анзи æрцудæй, уæддæр абони дæр ма цæмæдесаг æнцæ, ци хабæртти кой си кæнуй, етæ.***

* * *

Кæд æма дзæвгарæ рæстæг рацудæй, Устур Фидибæстон тугъд нæ адæми устур уæлахезæй ку рахецæн æй, уæдæй ардæмæ, уæддæр нин нерæнгæ дæр ма табуйаг æнцæ еци хъазауатон тохи цаутæ æма хабæрттæ. Уæлдай табуйаг ба нин æнцæ, нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау рæстуодæй æ card ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ… Зæрдхъурмæй сæ имисæн, цитгин сæ кæнæн, аллихузон мадзæлттæй архайд цæуй, цæмæй æностæмæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ иронх ма уонцæ… Ахедгæ куст цæуй нæ ахургæнæндæнтти, музейти, æфсæддон комиссариатти æма æндæр организацити нæ хъиамæтгун тугъдонти нæмттæ æма се ’хсардзийнади хабæрттæ исбæлвурд кæнуни фæдбæл. Гъулæггагæн, сæ еугурей туххæй бæлвурд æрмæг æрæмбурд кæнун къохи алкæд нæ бафтуйуй. Зæгъæн, Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ ци карз тугъдтитæ цудæй, уонæми цаути æма си бæгъатæрæй архайæг советон æфсæддонти туххæй дæр нерæнгæ ма еугур хабæрттæ æргомгонд нæма æрцудæнцæ. Фал уой туххæй куст идарддæр дæр æнхæстгонд цæуй, æма уоми ба хъæбæр устур агъазгæнæг æнцæ еци тугъдтити архайгутæ, сæ имисуйнæгтæ.

